

Deklarasyon Dwa Elèv Soud yo

Kòman Depatman Edikasyon an Kapab Soutni Aplikasyon Deklarasyon Dwa a?

Nan founi asistans teknik ak devlopman pwofesyonèl pou distri lekòl yo sou aplikasyon Deklarasyon Dwa Elèv Soud yo, ansanm ak sou tout aspè Edikasyon Moun Soud yo.

Kowòdonatè
Edikasyon pou Moun Soud

Asistans teknik konsènan devlopman nouvo pwogram oswa amelyorasyon pwogram ki deja egziste yo, Deklarasyon Dwa Elèv Soud yo, ekip etid timoun yo, ak evalyasyon yo.

dhh.education@doe.nj.gov

Konsiltan Edikatif pou
Elèv ki Soud oswa ki Tande Di

dhh.education@doe.nj.gov

Asistans teknik nan nivo elèv, sa gen ladan obsèvasyon nan salklas, fòmasyon entèn pou estaf, ak konsèy sou aranjman.

Deklarasyon Dwa Elèv ki Soud New Jersey

a

P.L. 2019, Chapit 204
Siyen 5 Out 2019



Deklarasyon Dwa Elèv Soud yo se yon deklarasyon responsablite pou asire ke distri lekòl yo reponn ak bezwen san parèy elèv soud, elèv ki tande di, oswa elèv ki soud-avèg yo epi ki itilize divès kalite metòd pou kominikasyon.

“Anyen nan lwa sa a pa dwe entèprete pou bay okenn pi gwo dwa oswa pwoteksyon pase sa ou ka jwenn dapre Lwa sou Edikasyon pou Moun Andikape yo, “20 U.S.C. s. 1400 e swivan., oswa dapre seksyon 504 nan “Lwa federal 1973 sou Reyabilitasyon”, 29 U.S.C. s.794, oswa nenpòt lòt lwa federal.”



Travay atistik George Valhos, elèv ki nan lekòl Marie H. Katzenbach School for the Deaf

Deklarasyon Dwa Elèv Soud yo Egzije pou Distri Lekòl yo bay:

- a. Aksè nan depistaj ak evalyasyon apwopriye sou kapasite pou tandè ak kapasite pou vizyon ak sou bezwen nan kominikasyon ak langaj nan laj pi bonè ki posib la ak pou kontinye sèvis depistaj ak evalyasyon yo pandan tout eksperyans edikatif la;
- b. Aksè nan entèkansyon bonè ki adapte yon fason endividyèl epi ki apwopriye pou soutni akizisyon debaz solid nan langaj ki devlope nan laj pi bonè ki posib la;
- c. Enfòmasyon pou fanmi elèv yo konsènan tout konsiderasyon pou plasman ak opsyon edikatif ki disponib, sa gen ladan Marie H. Katzenbach School for the Deaf, ak opsyon ki disponib pou timoun ki soud, timoun ki tandè, oswa timoun ki soud-avèg yo, epi bay posiblite pou paran yo ak gadyen yo patisipe konplètman nan devlopman ak mizanplas plan edikasyon timoun yo a;
- d. Fè tout efò pou bay posiblite pou rankontre ak asosye avèk modèl konpòtman granmoun ki soud, ki tandè di, oswa ki soud-avèg epi ki itilize divès kalite metòd kominikasyon pou aprann konpetans pou defans, sa gen ladan defans pwòp enterè ak pwendvi yo;
- e. Posiblite pou rankontre ak asosye avèk kamarad yo nan anviwònman lekòl la ak pandan aktivite lekòl la patwone;
- f. Ansèyman dirèk;
- g. Mete yon plan kominikasyon nan Pwogram Edikasyon Endividyalize ak plan 504 elèv la;
- h. Yon plasman ki pi byen adapte ak bezwen elèv la limenm, sa gen ladan, san limitasyon, bezwen sosyal, emosyonèl, bezwen nan kominikasyon, ak bezwen kiltirèl, avèk konsiderasyon pou laj timoun lan, degre ak kalite pèt kapasite pou tandè, nivo eskolè, mòd kominikasyon, estil aprantisaj, nivo motivasyon, ak kantite sipò fanmi an;
- i. Konsiderasyon endividyèl pou yon edikasyon gratis, apwopriye atravè yon seri konplè opsyon plasman lalwa egzije;
- j. Sèvis sipò konplè ke pwofesyonèl kalifye ak sètifye bay nan anviwònman edikatif li. Depatman Edikasyon an, pa mwayen kowòdonatè pwogram edikatif yo, dwe kolabore avèk distri lekòl yo pou asire gen asistans teknik ki disponib pou ede konsèy edikasyon yo reponn ak bezwen timoun ki soud, ki tandè di, oswa ki soud-avèg. Jan yo itilize li nan sou-seksyon sa a, “asistans teknik” vle di konsèy ak sipò yo ba yon distri lekòl pou pèmèt distri lekòl la respekte politik Eta ak federal ak egzijans reglemantè yo epi asire founiti yon edikasyon ki konplè ak efikas;
- k. Aksè nan kominikasyon konplè nan tout pwogram nan anviwònman edikatif yo, sa gen ladan, men se pa sa sèlman, aktivite ki pa nan pwogram lekòl, rekreyasyon, manje midi, pwojeksyon medya, edikasyon chofè, ak anons piblik yo;
- l. Enfòmasyon ba fanmi yo ki soti bò kote pwofesyonèl kalifye ak sètifye kòm sadwa sou pwoblèm medikal, etik, kiltirèl, ak lengwistik moun ki soud, ki tandè di, oswa ki soud avèg; ak
- m. Aksè nan sèvis sante mantal ak sèvis sipò nan men founisè kalifye ak sètifye ki metrize kouraman mòd kominikasyon prensipal elèv la, sa gen ladan Lang Siy Ameriken an.